

## Pwogram klinik dantè Depatman Edikasyon Vil Nouyòk - Fòm konsantman paran bay lekòl

**SMILE NEW YORK OUTREACH, LLC\***

37-30 Review Ave., Suite 102, Long Island City, NY 11101 Telefòn: 855-469-7473 Fax: 888-330-4331

<b>ENFÒMASYON SOU ELÈV LA</b>		<b>ENFÒMASYON SOU PARAN/RESPONSAB</b>										
<p>Siyati elèv la: _____</p> <p>Non elèv la: _____</p> <p>Dat nesans: _____ / _____ / _____ Mwa Jou Ane</p> <p>Lekòl: _____ Klas: _____</p> <p>Non pwofesè a: _____</p> <p>Nimewo sekirite sosyal elèv: _____ <small>(si w vle, men li ta bon)</small></p> <p>Sèks: <input type="checkbox"/> Gason <input type="checkbox"/> Fi</p> <p>Etnisite: <input type="checkbox"/> Ispanik <input type="checkbox"/> Nwa <input type="checkbox"/> Blan <input type="checkbox"/> Endyen ameriken <input type="checkbox"/> Azyatik/Moun zile pasifik <input type="checkbox"/> Lòt _____</p> <p>Adrès elèv la: _____ Vil Eta Kòd postal</p>		<p><b>Manman</b> Siyati: _____ Non: _____</p> <p><b>Papa</b> Siyati: _____ Non: _____</p> <p><b>Responsab, si gen yonn</b> Siyati: _____ Non: _____ Lyen responsab elèv la genyen avèk elèv la <input type="checkbox"/> Granpè/granmè <input type="checkbox"/> Tonton oswa matant <input type="checkbox"/> Lòt lyen: _____</p> <p><b>Enfòmasyon pou kontakte paran oswa responsab</b> Telefòn kay: _____ Telefòn travay: _____ Selilè: _____ Imèl: _____</p> <p><b>Lòt moun pou kontakte nan ka ijans</b> Non: _____ Lyen avèk elèv la: _____ Telefòn kay: _____ Telefòn travay: _____ Selilè: _____ Imèl: _____</p>										
<b>ENFÒMASYON SOU ASIRANS DAN</b>												
<p>Èske ptit ou a gen Medicaid? <input type="checkbox"/> Non <input type="checkbox"/> Wi: # Medicaid _____</p> <p>Èske ptit ou a gen Child Health Plus? <input type="checkbox"/> Non <input type="checkbox"/> Wi: # CHP _____</p> <p><b>Ki plan?</b>  <table border="0"> <tr> <td><input type="checkbox"/> Affinity</td> <td><input type="checkbox"/> Fidelis</td> </tr> <tr> <td><input type="checkbox"/> Healthfirst</td> <td><input type="checkbox"/> Health Plus Amerigroup</td> </tr> <tr> <td><input type="checkbox"/> HIP</td> <td><input type="checkbox"/> MetroPlus</td> </tr> <tr> <td><input type="checkbox"/> WellCare</td> <td><input type="checkbox"/> United Healthcare</td> </tr> <tr> <td><input type="checkbox"/> MVP</td> <td><input type="checkbox"/> Empire BlueCross BlueShield</td> </tr> </table> <p><input type="checkbox"/> Lòt asirans: _____</p> </p>		<input type="checkbox"/> Affinity	<input type="checkbox"/> Fidelis	<input type="checkbox"/> Healthfirst	<input type="checkbox"/> Health Plus Amerigroup	<input type="checkbox"/> HIP	<input type="checkbox"/> MetroPlus	<input type="checkbox"/> WellCare	<input type="checkbox"/> United Healthcare	<input type="checkbox"/> MVP	<input type="checkbox"/> Empire BlueCross BlueShield	<p>Èske ptit ou a gen asirans nan yon plan travay bay oswa nenpòt lòt tip asirans sante? <input type="checkbox"/> Non <input type="checkbox"/> Wi, ki plan sante: _____</p> <p>ID manb oswa Nimewo sekirite sosyal: _____</p> <p>Telefòn konpayi asirans sante a: _____</p> <p>Non adilt ki gen asirans lan: _____</p> <p>Dat nesans adilt ki gen asirans lan: _____</p> <p><b>Si ptit ou a pa gen asirans sante, èske w ta renmen yon moun NY State of Health Marketplace otorize kontakte w pou mete w nan yon asirans sante?</b> <input type="checkbox"/> Non <input type="checkbox"/> Wi Ki pi bon lè nou ka kontakte w?</p>
<input type="checkbox"/> Affinity	<input type="checkbox"/> Fidelis											
<input type="checkbox"/> Healthfirst	<input type="checkbox"/> Health Plus Amerigroup											
<input type="checkbox"/> HIP	<input type="checkbox"/> MetroPlus											
<input type="checkbox"/> WellCare	<input type="checkbox"/> United Healthcare											
<input type="checkbox"/> MVP	<input type="checkbox"/> Empire BlueCross BlueShield											
<b>KONSANTMAN PARAN POU SÈVIS KLINIK SANTE NAN LEKÒL</b>												
<p>Mwen li epi mwen konprann sèvis yo endike nan paj ki apre a (Sèvis Klinik swen dantè nan lekòl), epi siyati m otorize pou Smile New York Outreach, LLC School-Based Oral Health Clinic la bay ptit mwen an sèvis swen dantè nan lekòl la pou tout tan ptit mwen an nan lekòl la. Mwen ka anile konsantman m lan nenpòt lè, lè m voye yon avi bay Smile New York Outreach, LLC. Mwen li KESYON SANTE KI ENPÔTAN pi wo a epi mwen pral rapòte nenpòt gwo chanjman ki genyen nan sante ptit mwen nan 855-481-8638. Nou ka voye mesaj ba w pa tèks sou pwogram dan lekòl la. Konpayi telefòn ou an ka fè w peye pou mesaj ak/oswa done; pou sispann resevwa yo, reponn "STOP" pou nenpòt mesaj nou voye ba w. Ou dakò tou pou resevwa apèl ki anrejistre davans ak/oswa apèl otomatik ki gen rapò avèk pwogram dantè lekòl la nan nimewo telefòn kay ak/oswa selilè ou bay sou fòm konsantman sa a. SONJE: Dapre lalwa, yo pa egzije konsantman paran pou elèv ki gen laj 18 ane pou pi piti oswa pou elèv ki gen ptit oswa ki granmoun tèt yo. Siyati m vle di mwen resevwa yon kopi Avi sou respè vi prive Notice of Privacy Practices.</p> <p>X_____</p> <p><b>Siyati Paran/Responsab</b> (oswa elèv la si li gen laj 18 ane pou pi piti oswa si lalwa pèmèt sa nan lòt ka) <b>Dat</b></p>												
<b>KONSANTMAN PARAN SOU RESPÈ HIPAA POU DIVILGE ENFÒMASYON SOU SANTE</b>												
<p>Mwen li ak konprann piblikasyon enfòmasyon sou sante ki nan paj 2 fòm sa a. Siyati m vle di mwen dakò pou yo divilge enfòmasyon medikal jan yo espesifye l la.</p> <p>X_____</p> <p><b>Siyati Paran/Responsab</b> (oswa elèv la si li gen laj 18 ane pou pi piti oswa si lalwa pèmèt sa nan lòt ka) <b>Dat</b></p>												
<b>TANPRI ASIRE OU GADE TOUDE BÒ AKÒ SA A</b>												

**Pwogram klinik swen dantè nan lekòl Depatman Edikasyon Vil Nouyòk**  
**Fòm konsantman lekòl pou paran**  
**SMILE NEW YORK OUTREACH, LLC\***  
37-30 Review Ave., Suite 102, Long Island City, NY 11101  
Telefòn: 855-469-7473 Faks : 888-330-4331

**SÈVIS SWEN DANTÈ NAN LEKÒL**

Mwen dakò pou pitit mwen an resevwa sèvis swen dantè founisè pwofesyonèl Smile New York Outreach, LLC ki gen lisans Eta Nouyòk ofri kòm yon pati pwogram sante dantè nan lekòl ke Depatman sante Eta Nouyòk (*New York State Department of Health*) apwouye. Mwen ka anile konsantman m lan nepòt lè, lè m voye yon avi bay Smile New York Outreach, LLC. Mwen konnen ke y ap garanti konfidansyalite ant pitit mwen an ak founisè swen pou dantè nan domèn sèvis byen presi dapsre lalwa, epi y ap ankouraje elèv pou entegre paran oswa responsab yo nan desizyon sou *counseling* ak sou swen bouch yo. Sèvis dantè nan lekòl la ka genyen, pami lòt, sèvis prevansyon pou sante dantè, sèvis pou kondisyon ki te la dejà, ak pwosedi ijans. Sèvis sante dantè pou prevansyon genyen pami yo, egzamen dantè konplè, tretman ijòn dantè, radyografi, selan ak tretman fliyord. Sa ka gen ladan tou ke yo mete Silver Diamine Fluoride nan dan dèyè yo pou anpeche pwogresyon kavite (Silver Diamine Fluoride kapab dekolore nepòt kavite pou vin bay yon koulè mawon oswa nwa). Pou lòt sèvis ki pa egzamen dantè konplè ak sèvis sante dantè pou prevansyon, Smile New York Outreach, LLC dwe fè paran/responsab la konnen sèvis ak tretman y ap bay yo tankou plonbe dan ak rache dan ak itilizasyon anestezi oswa lòt medikaman. Si paran an pa bay konsantman, yo pa ka bay sèvis yo.

**DEPATMAN EDIKASYON VIL NOUYÒK**

**FÈY ENFÒMASYON POU KONSANTMAN PARAN POU DIVILGE ENFÒMASYON SOU SWEN DANTÈ**  
**KONSANTMAN PARAN SOU RESPÈ RÈGLEMAN HIPAA POU DIVILGE ENFÒMASYON SOU SWEN DANTÈ**

Siyati m ki nan lòt bò fòm sa a otorize pou yo divilge enfòmasyon sou swen dantè. Lwa federal ak lwa eta a sou vi prive ka pwoteje enfòmasyon sa a pou yo pa pibliye l.

Lè m siyen dokiman sa a, mwen otorize pou yo bay Komite edikasyon Vil Nouyòk (Board of Education of the City of New York alyas Depatman edikasyon Vil Nouyòk), ansam ak enfimyè ak otorite lekòl yo enfòmasyon, sou swen dantè, swa paske lalwa oswa regleman Chanselye a egzije sa a, oswa paske li nesesè pou yo pwoteje sante ak sekirite elèv la. Enstitisyon oswa moun ki divilge enfòmasyon sou swen dantè sa a dwe ban m yon kopí fòm sa a, si m mande sa. Lalwa egzije paran pou bay lekòl la kèk enfòmasyon, tankou prèv vaksen. Si yo pa bay enfòmasyon sa a, sa ka lakozi yo voye elèv la lakay li.

Yo te reponn kesyon mwen genyen sou fòm sa a. Mwen konnen ke mwen gen dwa pa vle yo divilge enfòmasyon sou swen dantè pitit mwen an, epi mwen ka chanje lide m nepòt lè epi anile otorizasyon mwen bay la lè m ekri *School-Based Oral Health Clinic* ki nan lekòl la. Sepandan, apre yo fin divilge yon enfòmasyon, yo pa ka retounen sou desizyon an pou rantre enfòmasyon ki te divilge avan yo te mande anile otorizasyon an.

Mwen otorize *Smile New York Outreach, LLC School-Based Oral Health Clinic* pou divilge enfòmasyon sou sante oral espesifik sou elèv ki site nan do paj la ba *Depatman edikasyon Vil Nouyòk*.

Mwen dakò pou *School-Based Health Center* bay Depatman edikasyon Vil Nouyòk enfòmasyon ak pou *Depatman edikasyon Vil Nouyòk* bay *School-Based Oral Health Clinic* enfòmasyon sou swen dantè ki dekri pi ba a pou yo ka satisfè egzijans lalwa ak asire ke lekòl la gen enfòmasyon li bezwen pou garanti sante ak sekirite pitit mwen an. Mwen konnen ke enfòmasyon sa a ap rete konfidansyalèl dapre lwa federal ak lwa eta a ak dapre règleman Chanselye a sou konfidansyalite:

Enfòmasyon pou garanti sante ak sekirite:

- Kondisyon ki ka egzije entèvansyon ijans
- Kondisyon ki limite yon elèv nan aktivite chak jou I (Fòm 103S)
- Dyagnostik kèk maladi atrapan (ki pa enfeksyon SIDA/enfeksyon moun pran nan fè sèks (MST) ak lòt sèvis lalwa garanti).
- Kouvèti asirans sante

Siyati m ki nan paj 1 fòm sa a bay tou konsantman m pou *Smile New York Outreach, LLC* kontakte lòt founisè ki te egzamine pitit mwen an pou yo ka jwenn enfòmasyon sou asirans.

Peryòd tan yo otorize pou divilge enfòmasyon yo se:

Soti nan biwo: Dat yo siyen fòm sa a nan lòt paj la

Pou: Dat elèv la pa nan pwogram *School-Based Oral Health Clinic* ankò.

\*OHCP = Founisè swen dantè *Oral Health Clinic Provider*

## Deklarasyon dwa pasyan

### Kòm yon pasyan Smile New York Outreach, ou gen dwa pou:

1. Konprann ak itilize dwa sa yo. Si pou nenpòt rezon ou pa konprann, oswa ou bezwen èd, Sant lan dwe ba w èd, tankou yon entèprt.
2. Resevwa sèvis san gade sou laj, ras, koulè, oryantasyon seksyèl, reliyon, kondisyon marital, sèks, orijin nasyonal ni sou sous peman.
3. Pou yo trete w avèk konsiderasyon, respè ak diyite tankou kenbe tretman ou konfidansyèl.
4. Jwenn enfòmasyon sou sèvis ki disponib nan Sant lan.
5. Jwenn enfòmasyon sou kisa asirans kouvri pou ijans dan apre lè fonksyònman regilye.
6. Jwenn enfòmasyon sou chaj sèvis, elijiblite pou ranbousman 3yèm pati ak, lè sa aplikab, diponiblite swen gratis oswa a pri redui.
7. Resevwa yon kopi detaye sou deklarasyon kont li, si li mande sa.
8. Jwenn tout enfòmasyon ankou nan men teknisyen swen sante a oswa delege li konsènan dyagnosis, tretman, ak pwognostik li nan tèm rezonab pasyan an kapab konprann.
9. Resevwa enfòmasyon swen dantè li ki nesesè pou l bay konsantman an tout konesans avan kòmansman nenpòt pwosedi ni tretman ki pa ijan oswa toude. Yon konsantman an tout konesans dwe genyen, omwen, kondisyon enfòmasyon konsènan pwosedi oswa tretman espesifik oswa toude, risk ki genyen, ak altènatif pou swen oswa tretman si genyen.
10. Refize tretman nan limit lalwa pèmèt sa epi pou gen tout enfòmasyon sou konsekans medikal aksyon li.
11. Refize patisipe nan rechèch eksperimental.
12. Eksprime konplent osijè swen ak sèvis yo bay ak pou Sant lan fè envestigasyon sou konplent sa yo, san pa pè pou yo pran revanch. Yon pasyan ka eksprime enkyetid li genyen vèbalmans oswa alekri bay administratè a. Sant lan responsab pou bay pasyan an oswa reprezantan l yon repons alekri nan espas 30 jou ki di kisa envestigasyon an revele, si pasyan an mande sa. Sant lan responsab tou pou fè pasyan an oswa reprezantan li konnen ke si pasyan an pa satisfè avèk repons sant lan, pasyan an kapab pote plent nan Biwo Jesyon Sistèm Dantè Depatman sante eta Nouyòk lè li rele 1-800-804-5447.
13. Vi prive ak konfidansyalite sou tout enfòmasyon ak dosye ki gen rapò avèk tretman pasyan an.
14. Apwouve oswa refize divilgasyon sa ki nan dosye dan li bay nenpòt founisè sante ak/oswa enstitisyon sante eksepte jan lalwa mande sa oswa kontak yon 3yèm pati pou peman.

## KENBE SA A POU DOSYE W

ELLIOT P. SCHLANG, DDS - DANTIS JENERAL, DIREKTÈ DANTAL

Angelina Adames, DDS, Jungmin Cho, DMD, Jennifer Corredor, DDS, Sylvia Cuellar, DDS, Joseph D'Ambrosio, DMD, Jason Davis, DDS, Christopher Dillon, DDS, Andrew Fradkin, DDS, Margaret Garland, DDS, Renee Gaska, DMD, Jeffrey Gershon, DMD, Daria Grillo, DDS, Barry Hecht, DMD, Deborah Kahn, DMD, Sahar Kamkar, DMD, Aditi Kapoor, DMD, Uzma Khan, DDS, Jeffrey Krantz, DDS, Stephen Marshall, DDS, Deena Pegler, DMD, Alan Poritzky, DDS, Melissa Rodgers, DMD, Deniz Salierro, DDS, Elliot Schlang, DDS, Karimeh Shehadeh, DDS, Jeffrey Tenenbaum, DDS, Nancy Yu, DDS

### AVI PRATIK KONFIDANSYALITE

### AVI SA A DEKRI KÒMAN OU KA ITILIZE AK DEVWALE ENFÒMASYON MEDIKAL AK KÒMAN OU KA GEN AKSÈ NAN ENFÒMASYON SA A. TANPRI PRAN TAN W POU LI LI. KENBE L POU DOSYE W.

#### **DEVWA LEGAL NOU**

Kenbe vi prive w sou enfòmasyon dantè ou enpòtan anpil pou nou. Nou oblige dapre lwa eta a ak lwa federal pou kenbe enfòmasyon sante w prive. Nou oblige ba ou avi sa a tou osijè pratik nou sou vi prive, responsabilite legal nou, ak dwa ou konsènan enfòmasyon sou sante w. Nou dwe suiv pratik vi prive ki dekri nan Avi sa a pandan li an vigè. N ap fè ou konnen si yo vyole enfòmasyon medikal ou ki pa an sekirite.

Nou rezèv dwa nou pou chanje pratik vi prive nou ak tèm Avi sa a nenpòt lè, depi lalwa pèmèt chanjman sa yo. Nou rezèv dwa nou pou pote chanjman nan pratik vi prive ak nouvo tèm Avi nou an k ap an vigè pou tout enfòmasyon nou kenbe, ladan enfòmasyon sante nou kreye oswa resevwa avan nou pote chanjman yo. Avan nou fè yon gwo chanjman nan pratik vi prive nou, n ap chanje Avi sa a epi n ap mete nouvo Avi a disponib sou demand.

Ou ka mande yon kopi Avi nou an nenpòt lè. Pou plis enfòmasyon sou pratik vi prive nou an, oswa pou jwenn plis kopi Avi sa a, tanpri kontakte nou avèk enfòmasyon ki nan fen Avi sa a.

#### **ITILIZASION AK DIVILGASYON ENFÒMASYON SANTE**

##### **Nou itilize ak devwale enfòmasyon sou sante osijè tretman, peman ak fonksyonman swen sante. Paegzanp:**

**Tretman:** Nou ka itilize oswa devwale enfòmasyon sante w bay yon doktè, enfimyè lekòl, oswa lòt founisè swen sante k ap ba ou tretman.

**Peman:** Nou ka itilize ak devwale enfòmasyon sante w pou nou ka touche pou sèvis nou ba ou.

**Fonksyonman swen sante:** Nou ka itilize oswa devwale enfòmasyon sante w an konesyon avèk fonksyonman biznis nou an tankou revize konpetans oswa kalifikasyon pwofesyonèl sante ak evalye rannman teknisyen ak founisè swen sante.

**Otorizasyon ou:** Itilizasyon oswa divilgasyon yo pa dekri nan Avi sa a ka fèt sèlman avèk otorizasyon ou bay alekri. Anplis, nou dwe jwenn otorizasyon w alekri pou vann enfòmasyon medikal ou oswa pou itilize yo oswa devwale yo pou publisè oswa sèvis nou ba ou kote yo peye nou pou nou fè komunikasyon an. Si ou ba nou yon otorizasyon, ou ka anile l alekri nenpòt lè. Lè anilé otorizasyon an, sa p ap gen okenn efè sou itilizasyon ni divilgasyon otorizasyon w lan te pèmèt nou fè pandan li te ann vigè.

Amwenske ou ba nou yon otorizasyon alekri, nou pa ka ni itilize ni devwale enfòmasyon sante w pou okenn rezon eksepte sa ki dekri nan Avi sa a.

**Pou fanmi w ak zanmi w ak moun ki gen pou wè avèk sante w:** Nou ka devwale enfòmasyon sante w ba fanmi, zanmi oswa lòt moun ki gen pou wè avèk sante w nan limit sa nesesè pou ede avèk swen sante w oswa peman pou swen sante w. Nou ka devwale tou enfòmasyon medikal ou bay òganizasyon sekou nan ka katastwòf pou ede jwenn moun pandan yon katastwòf. Nou ka itilize enfòmasyon medikal ou tou pou nou fè mamm fanmi, yon moun ki reprezante w oswa yon moun ki responsabe pran swen w konnen oswa ede fè konnen kote ou ye, kondisyon jeneral ou oswa lanmò w. Si w pa vle nou devwale enfòmasyon medikal ou ba manm fanmi w oswa lòt moun nan sikoransya sa yo, tanpri fè anplwaye HIPAA nou an konnen nan 888-833-8441.

**Egzijans dapre lalwa:** Nou ka itilize oswa devwale enfòmasyon sante lè nou oblige fè sa dapre lalwa.

**Sekrite publik:** Nou ka bezwen pou devwale enfòmasyon medikal ou bay ofisiye anfòsman lalwa, tankou kòm respons pou yon manda pèkizisyon oswa asiyasyon granjiri, oswa pou ede responsab anfòsman lalwa idantife oswa jwenn yon moun, pou rapòte lanmò ki ka se kòz aksyon kriminèl, ak pou rapòte aksyon kriminèl nan lokal nou yo.

**Abi oswa negligians:** Nou ka devwale enfòmasyon sante w bay otorite apwopriye si nou kwè gen rezon ou se yon viktim posib abi, negligians, oswa vyolans domestik oswa viktim posib lòt krim. Nou ka devwale enfòmasyon sante w nan mezi ki nesesè a pou evite yon menas grav pou sante w oswa sekirite w oswa sante ak sekirite lòt moun.

**Sekirite nasyonal:** Nou ka devwale enfòmasyon sante w bay otorite militè Fòs Lame oswa pèsònèl militè etrane anba kék sikoransya; bay ofisiye federal ki otorize pou ransèyman legal, kont-espyonaj oswa lòt aktivite sekirite nasyonal, ak pou pwoteje prezidan an; ak bay yon prizon oswa yon ofisiye anfòsman lalwa ki gen gad legal yon prizonye oswa yon pasyan anba kék sikoransya.

**Rapèl pou Randevou:** Nou ka itilize oswa devwale enfòmasyon sante pou ba ou yon rapèl pou randevou (tankou mesaj vwa, kat postal, lèt, imèl oswa mesaj téks).

**Aktivite kontwòl sante:** Nou ka itilize oswa devwale enfòmasyon sante ba yon ajans kontwòl sante ki gen otorizasyon lalwa. Aktivite kontwòl sa yo genyen, pa egzanp, odit, envestigasyon, enspeksyon ak sondaj lisans. Aktivite sa yo nesesè pou gouvenèman an pou kontwole sistèm swen sante a, epidemi maladi, pwogram gouvenèman, konfòmité avèk dwa sivil ak pou amelyore rezulta pasyan.

**Pwosè ak konfli:** Nou ka devwale enfòmasyon sante pou reponn yon lòd tribal oswa administrasyon. Nou ka devwale enfòmasyon sante pou reponn yon asiyasyon, yon demand discovery oswa lòt pwosesis legal.

**Lòt itilizasyon ak divilgasyon** Jan lalwa pèmèt sa oswa egzije sa, nou ka itilize oswa devwale enfòmasyon medikal ou pou rezon rechèch; bay òganizasyon ki jere ak kontwole don ak transplant ógan, pou pwogram k ap konpanse travayé oswa pwogram parèy yo nan objektif pou konfòme avèk pwogram k ap konpanse travayé oswa pwogram parèy ki bay rekonsans pou chòk oswa maladi ki gen rapò avèk travay; pou aktivite sante publik tankou pou prevni oswa kontwole maladi, chòk oswa andikap; pou rapòte reyakson avèk medikaman oswa pwoblèm avèk pwodui; pou fè moun konnen si yo rantre yon pwodui yo ka ap itilize; pou fè yon moun konnen ki te ekspoze avèk yon maladi oswa sou risk pou kontakte oswa pwopaje yon maladi; pou moun k ap fè egzamen medikal pou yo idantife yon moun ki mouri oswa wè ki kòz yon lanmò; oswa bay yon direktè ponb finèb pou yo ka fè travay yo.

#### **DWA PASYAN**

**Aksè:** Ou gen dwa pou gade enfòmasyon sante w oswa jwenn yon kopi ak kék eksepsyon. Ou dwe fè yon demand alekri pou jwenn aksè nan enfòmasyon sante w epi fakse demand ou a nan nimewo ki nan fen Avi sa a.

**Divilgasyon enfòmasyon kontablite:** Ou gen dwa pou resevwa yon lis divilgasyon noumenm oswa biznis asosye nou yo fè avèk enfòmasyon sante w. Si w mande kontablite sa a plis pase yon fwa nan yon peryòd 12 mwa, nou ka fè w peye w yon frè pou reponn demand anplis sa yo.

**Restriksyon:** Ou gen dwa pou mande pou nou mete restriksyon sou itilizasyon oswa divilgasyon enfòmasyon sante w. Nou pa oblige dakò avèk demand ou a eksepte lè divilgasyon an se pou plan sante ou, oumenm (oswa yon moun nan non ou apa plan sante w la) te peye tout kòb swen sante w, divilgasyon an gen relasyon avèk peman oswa fonksyonman swen sante, epi divilgasyon an pa obligatwa dapre lalwa. Men si nou dakò restriksyon an, n ap respekte akò sa a (eksepte nan ka ijans).

**Kominikasyon altènatif:** Ou gen dwa pou mande alekri pou nou ba ou enfòmasyon sante nan lòt mwayen oswa lòt lokal ke w ap espesifye nan demand alekri a.

**Amandman:** Ou gen dwa pou mande pou nou amande enfòmasyon sante w. Demand ou a dwe fèt alekri epi li dwe eksplike poukisa yo dwe amande enfòmasyon an. Nou ka refize demand ou a anba kék sikoransya.

**Avi elektwonik:** Si w resevwa Avi sa a sou sitwèb nou an oswa pa imèl, ou gen dwa resevwa Avi sa a alekri sou papye si w mande.

#### **KESYON AK KONPLENT**

Si w vle plis enfòmasyon sou pratik vi prive nou oswa si w gen kesyon, tanpri kontakte nou. Si w gen dout ke nou ka vyole dwa vi prive ou, ou ka itilize enfòmasyon kontak ki nan fen Avi sa a pou konplen. Ou ka voye tou yon konplent alekri ba Depatman sante ak sèvis imèn Etazini. Nou p ap chèche vanje nan okenn fason si w chwazi pou pote plent ba nou oswa ba Depatman sante ak sèvis imèn Etazini.

Ofisiye pou kontakte: Ofisiye HIPAA

Telefòn: 888-833-8441

Faks: 888-330-4331

imèl: hipaaofficer@smileprograms.com

Dat an vige: 1 ye out 2016